

MARYAJ 2

# BAZ BIBLIK MARYAJ LA



DISIP YO NAN  
MINISTÈ A

## **Baz biblik maryaj la**

Otè yo: Patricia & Germán Picavea

Pibliye pa Discipolat Nazaréen International (DNI)

Kopi yo kapab fèt nan paj sa yo pou liv pèsonèl ak lizay nan legliz la. Ou ka jwenn vèsyon elektronik liv sa a nan:  
[www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org/](http://www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org/)

Legliz Nazareyen, Rejyon Mezoamerik

Copyright © 2022 Tout dwa rezève.

ISBN: 978-1-63580-314-3

Editè: Monte Cyr

Fòmatè liv la: Bethany Cyr

Tradwi pa Dezama Jeudi

Moun ki trase a se Slater Joel Chavez

Sèlman si yo endike lekontrè, tout sit biblik yo soti nan Bib Vèsyon Jerizalèm 1999, © Sosyete Biblik Rasanble yo. Tout dwa yo rezève.

Enprime nan peyi Gwatemala



PREZANTASYON .....	4
ENSTRIKSYON YO .....	5
Leson 1: Orijin ak nati maryaj la .....	7
Leson 2: Objektif maryaj la .....	15
Leson 3: Lanmou an, relasyon ki bon nèt la .....	23
Leson 4: Kite...kòmansman yon nouvo inite .....	33
Leson 5: En plis en egal ak en .....	39
Leson 6: Egal, diferan ak konplémentè .....	47
Leson 7: Jouskaske lanmò separe yo .....	57
Leson 8: Restorasyon modèl original la .....	65
Nòt ak Bibliyografi .....	77

# Prézantasyon

**S**eri kou oto-etid sou DISIP YO NAN MINISTÈ A te mete sou pye pou tout disip Seyè Jezi yo ki nan tout mond lan ki pare pou akonpli misyon "fè disip nan tout nasyon yo" (Matye 28:20).

Yon disip se yon elèv mèt li. Nan ka disip Kris yo, non sèlman n'ap swiv Mèt nou an, men tou, nou vle vin menm jan avèk Li. Reyèlman nou pa kapab menm imite li. Dosye fòmasyon disip kretyen an gen pou wè avèk pèmèt ke Jezi vin chèf, epi Seyè tout sa ke nou ye. Sa vle di, se pou l pran kontwòl lavi nou totalman. Lè ke Jezi pran kontwòl tout lavi nou totalman, se lè sa a l'ap kòmanse "ye ak fè" nan nou, menm plis pase sa ke nou ta kapab "ye ak fè" pou nou menm. Konsèp fòmasyon disip yo se pou tout lavi.

Menm jan avèk tout pwosesis, fòmasyon disip yo genyen etap yo. Premye etap la se aksepte Jezi kòm Sovè e Seyè epi aprann de sa siyifi remèt tout volonte nou jouskaske nou rive nan moman espesyal kote ke Jezi pran kontwòl chak aspè nan lavi nou. Nan moman sa a, Bondye "k'ap travay tout tan nan kè nou. Se li ki ban nou anvi fè sa ki pou fè l' plezi ansanm ak fòs pou nou ka fè l' vre" (Filipyen 2 :13) nan nou. Si Bondye pa pran kontwòl tout lavi nou konplètman, nou pap kapab sèvi li. Se li menm ki dwe pwodwi nan nou, anvi a avèk fè a. Sèlman aprè "ye" a, nou kapab pase nan etap "fè a".

Apot Pòl di ke "Se Bondye ki fè nou. Nan Jezikri li kreye nou pou nou ka fè anpil bon zèv nan lavi nou, dapre sa li te pare davans pou nou te fè" (Efezyen 2 :10). Kounye a ke nou vin fè pati Kò Kris la (Legliz la), epi Jezi kòm tèt ki kontwole nou an, konsa, nou dwe jwenn kòman nou kapab vin plis itil pou kò a. Dezyèm pati fòmasyon disip la se prepare nou "pou travay ministè a, pou edifikasyon kò Kris la" (Efezyen 4 :12).

Kaye otoetid sa yo pral ede nou plis angaje nou nan apèl pou sèvi Jezi ki se Kris la ke Bondye te bay pou nou chak. Kounye a nou se "Men nou menm, nou se yon ras Bondye chwazi, yon bann prêt k'ap sèvi Wa a, yon nasyon k'ap viv apa pou Bondye, yon pèp li achte. Li fè tou sa pou n' te ka fè tout moun konnen bèl bagay Bondye te fè yo, Bondye ki rele nou soti nan fènwa a pou nou antre nan bèl limyè li a" (1 Pyè 2 :9). Youn nan pi bon fason pou ke nou anonsé bonte Jezi yo se lè nou demonstre kilès ke Li ye atravè yon ministè nan legliz lokal nou an, sa vle di, travay kòm yon manm ki reyèl epi k'ap bay fwi nan kò Kris la.

Pwogram sa pou Disip yo ki nan Ministè a genyen sis sesyon an jeneral ak nèf lòt e sis ki espesyalize nan chak ministè espesifik. Sis premye kou yo pral oryante nou nan etap de baz yo nan ministè a: (1) Kilès Jezi ye, epi kisa sa vle di swiv li? (2) Kisa sa vle di viv nan Kris la? (3) Kisa sa vle di fè pati pèp Bondye a ? (4) Kisa sa vle di grandi nan resanblans Kris la ? (5) Kisa sa vle di vin yon lidè ? (6) Kisa sa vle di vin yon lidè sèvitè ? Nèf lòt kou ki manke yo pral ofri nou plizyè matyè ki baze sou plizyè ministè diferan tankou "Evanjelizasyon", "Pastè ki nan pansyon", "Ministè Lekòl Dominikal ak Fòmasyon Disip", "Kominikasyon", "Konpasyon", "Jèn yo", "Fanm", "Misyon yo" ak "Marye yo".

Priyè nou pou ou se pou w rive jwenn wòl ou nan "Kò Kris" la, epi pou ke seri kou sa a ede w vin yon disip ki angaje nan ministè a. Pou rezon sa Bondye te sove w epi kounye a ou fè pati Kò Kris la.

**M**ateryèl ou genyen nan men w lan fè pati de youn nan kou Pwojè Disip yo nan Ministè a (DEM) k'ap chèche "fòme sen yo pou yo kapab devlope ministè yo" jan sa etabli nan Pawòl Bondye selon Efezyen chapit 4 vèsè 12.

Se plizyè kalite otè ki te elabore materyèl sa nan lide pou ba ou yon resous otoansèyman pou w devlope ministè ke Seyè a te rele w vin devlope nan legliz lokal la avèk efikasite.

An reyalite, materyèl sa pa la pou ranplase yon preparasyon akademik fòmèl pou moun ke Bondye rele pou dedye tout lavi yo nan minsitè a, paske pou sa genyen plizyè enstitisyon edikasyon teyolojik nan plizyè peyi diferan nan Rejyon nou an.

Fason pou nou itilize materyèl sa:

Kou sa divize an wit lesон, pou moun kapab etidye yo, menm si se sou fòm endividiyèl oubyen gwoupal. Si sa posib pou etid la fèt an plizyè ti gwoup, nou kwè ke li t'ap pi bon toujou pou tout moun.

Materyèl la elabore pou otoetid epi li pa egzije yon monitè-gid ; sepanan, si kèk pastè oubyen lidè ki avanse nan legliz lokal la yo kapab ede nou, nou sèten ke èd sa ap bay anpil benefis.

Ou kapab deside tan ou panse k'ap pi bon pou w etidye chak lesон. Modèl yo kapab varye epi nou atann ke genyen aranjman nan orè a. Sonje ke pou pi piti, fòk ou etidye yon lesон pa semèn.

Avan w kòmanse chak lesон, ou dwe rann ou kont de bagay sa yo:

- Pase yon moman nan lapriyè avan w kòmanse avèk etid la.
- Ou dwe genyen yon Bib nan men w yon fason pou w kapab itilize lè yo ba w kèk vèsè kòm referans nan chak lesон yo.
- Nou mande w pou w fè yon lesон alafwa epi pran tan pou w reponn tout kesyon ki soulve yo menm jan avèk fè aktivite ki pwopoze yo epi rive atenn objektif ki etabli yo.

Nan chak lesон, w'ap jwenn plizyè seksyon diferan ki idantifye avèk pwòp desen pa yo. Pou kontinye, n'ap eksplike w siyifikasyon chak seksyon sa yo.




**OBJEKTIF YO:** Objektif yo se reyalizasyon ke ou rive atann lè w fini lesон an. Nou mande w pou w li yo epi lè lesон an fini, mande tèt ou èske rèv yo reyalize. Objektif sa yo la pou ede w oryante valè w yo, konviksyon yo kòm kretyen, menm jan ak sa ke nou bezwen konnen pou nou akonpli ministè nou.



**LIDE PRENSIPAL YO:** Nan seksyon sa a, w'ap jwenn yon rezime aspè ki plis enpòtan yo nan lesон an. Sa ke ou li la a, se li menm ki pral detaye nan tout lesон an pandan toutan. Nou ankouraje w ke lè w fini lesон an, retounen nan lide prensipal yo epi reyafime konsèp santral ke w te aprann yo.



**ED PEDAGOJIK YO:** Nan kolòn goch chak lesон w'ap jwenn kèk konsiy ki gen relasyon avèk tèm ke w'ap devlope a. Nan pi fò nan ka yo, se kesyon oubyen endikasyon k'ap ede w nan konpreyansyon ak dyalòg avèk matyè yo.



**NÒT KONPLEMANTÈ YO:** Se yon bann pwen ki genyen kèk enfòmasyon adisyonèl k'ap pèmèt ou apwofondi nan kontni ke w'ap etidyé a.

**AKTIVITE YO:** Lè chak lesон fini, w'ap jwenn kèk lesон pou w ranfòse sa ke w te aprann yo atravè kèk kesyon, chema oubyen yon konsin karaktè pratik. Nou konseye w mete tan disponib pou w reyalize chak aktivite, li menm k'ap pèmèt ou evalye pwòp tèt ou an relasyon avèk aprantisaj la.

Nou ankouraje w kontinye pou pi devan nan kwasans espirityèl ou antan ke lidè legliz Jezi ki se Kris la. Bondye konsève yon bèl ministè pou ou nan legliz lokal la epi nou espere ke kou sa a akonpanye w epi enstwi w pou w kapab akonpli bèl travay sakre sa a.

Oríjín ak natí maryaj la



Lesson 1

## Lesson 1

### Orijin ak nati maryaj la



- Evalye orijin ak nati maryaj la daprè Bib la.



- Orijin maryaj la plase nan Bondye menm. Se Bondye menm ki te panse, li te trase epi reyisi fè maryaj la vin yon enstitisyon ki vin bon nèt.
- Bondye (Papa, Pitit ak Sentespri a) te la nan kreyasyon lòm (gason ak fanm) epi nan enstitisyon matrimonial (etewoseksyèl ak monogam) kòm nwayo santral limanite.
- Maryaj la pote imaj Bondye nan mond lan nan fason ke y'ap viv chak jou pa mwayen gras ak padon, mizèrikòd ak lanmou youn pou lòt.

### Entwodiksyon

**L**è nou gade nan Bib la epi chèche orijin maryaj la, nou pa kapab neglige de premye chapit liv Jenèz yo. Okontrè, se yon obligasyon pou nou fè sa. Sa se kòmansman tout bagay, la nou jwenn Kreyatè a ak kreyasyon an jan ke Li te fè l la. Tout sa ki anrejistre nan 56 chapit sa genyen yon ekspozisyon majistral ki debaz epi fondamantal pou yon konpreyansyon ki adekwa sou tout bagay ki pale de Bondye ak kreyasyon li. Ann gade sa nou jwenn osijè de maryaj ebyen.

### Orijin li

Ki kote maryaj la sòti? Ki orijin li? Kisa ki te dèyè lide a ? Maryaj la, èske li genyen yon orijin reyèl oubyen se yon rezulta ki natirèl nan menm lòm nan: pran nesans, repwodwi epi mouri?

Lè nou chèche orijin maryaj la, prèske toujou, lespri nou baze sou Jenèz 2 :24 kòm vèsè baz maryaj la. Se pa mal, tout krisyanis la pase plizyè santèn lane ap soutni sa. Epi sa se konsa paske nou konprann ke nan sizyèm jou a, aprè kreyasyon tout bagay, Bondye te mande pou ke de zòm (yon gason ak yon fanm), kite fanmi yo pou yo mete tèt yo ansanm totalman (pou yo te fonn youn nan lòt literalman) nan relasyon ki plis pwofon ke yon gason ak yon fanm kapab eksperimente, epi devlope yon pwojè ansanm ki pote non maryaj, "...epi n'ap vin fè yon sèl chè".

Men nan pwen sa, kesyon ki prezante a se: èske se nan moman sa ke Bondye te kreye maryaj la? Si nou fè yon lekti avèk anpil atansyon, depi nan kòmansman liv Jenèz la, nou pral note ke tout bagay te déjà kòmanse depi avan. Nan pasaj Jenèz 1 :1 -25 rakonte nou kòman Bondye te kreye yon sèn ki pafèt, konplètman amonik, kote ke chak bagay ki kreye te genyen yon plas nan tablo pèfeksyon an, rezon egzistans li ak yon objektif ki byen defini. Pa genyen okenn kote nan tèks ki voye nou panse ke Bondye te kreye yo konfòm a chak nesesite ki ta gen pou prezante. Se mwen pou ke nou ta panse ke kreyasyon lòm nan (gason ak fanm) te rive reyalize paske Bondye te rann li kont ke te manke yon bagay, non!

Se te yon plan ke Kreyatè a te byen panse. Li te gentan konnen tout bagay. Nan yon lòt fason, li enpòtan pou ke nou poze tèt nou kesyon, pou kilès moun tout sa ki te kreye yo te ye si se pat pou limanite (Adan<sup>1</sup>)?

Pou nou kontinye, nou wè ke, selon Jenèz 1 :26, nan konvèssasyon Bondye avèk pwòp tèt li, Li te demonstre kreyasyon lamarye a lè li te pwopoze lide pou l kreye yon moun (Adan) ak imaj li epi sanble avèk li ki ta de sèks (maskilen ak feminen) epi kapab repwodwi epi "...ranpli tout tè a..." (Jenèz 1 :28). Apati de la, nou kapab di ke se Bondye ki te panse pou maryaj la depi menm nan kòmansman. Nou dwe pran nòt ke pandan ke tout lòt zèt vivan yo te kreye "daprè espès yo", lòm (gason ak fanm) te kreye "ak imaj li"; epi Bondye chanje "pwodwi" pa "ann fè" ki demonstre entèvansyon dirèk li. Nan sans sa a, maryaj la pat yon bagay ki te monte nan lespri Bondye aprè ke li te fin kreye lòm, men se depi avan Bondye te déjà panse avèk sa. "Sa vle di ke, nan yon fason, nou se imaj Bondye pou sa ki gen pou wè avèk konpleman sèks yo. Antan ke gason epi antan ke fanm, nou rann maryaj Bondye a ki envizib vizib".<sup>2</sup> Nonm nan avèk fanm nan te déjà nan lespri ak kè Bondye depi nan kòmansman kòm de moun ki menm jan epi ki genyen menm matyè pou konfòme maryaj la.



Ki kote  
maryaj soti?



Pou ki rezon ke  
nou di ke maryaj  
la se yon bagay  
ki sen?



"Pou nenpòt ki bagay" Matye 19:1. Konklizyon sa se yon alizyon nan diskisyon ant de lekòl teologik osijè de sans Detewonòm 24:1. Lekòl Shammai te adopte pozisyon sevè epi ki pa popilè sou késyon divòs la se sèlman pou mank de onètete, pandan ke lekòl Hillel te adopte pozisyon liberal ak popilè de yon divòs ki fasil pou mari a epi pou nenpòt rezon ki pasaje. A.T. Robertson. Kòmantè sou tèks grèk nan Nouvo Testaman an. Editorial Clie, España, ane 2003 pp 51-52

J e z i ,  
Bondye ki te  
vin fèt nan  
lachè a, li te  
souliye pwen  
sa lè ke nan  
Mak 10 :2-12  
ak Matye 19  
:1.12, nou li ke  
li te fè fas ak  
farizyen yo

osijè de divòs. Li enpòtan pou souliye ke kesyon farizyen yo te baze sou Detewonòm 24 :1-4, men Jezi te pase pi wo pase yo epi li te fè referans ak orijin nan (ke yo menm yo te konnen byen) lè li te endike yo ke depi nan kòmansman, Kreyatè a te kreye gason ak fanm pou ke yo chak te kite fanmi manman ak papa yo pou fè yon sèl epi pèsòn pa gen dwa pou separe sa ke Bondye te mete ansanm. Nan yon fason ki byen sevè, Jezi plase Bondye kòm Kreyatè lòm, nan de jan yo sèlman (maskilen ak feminen), ak maryaj pou toutan an entèripsyon moun. Kòm repons sou sa, Jezi te mete fen lè ke li te di konsa : "Konsa, yo pa de ankò, men yo fè yon sèl kò. Se poutèt sa, pesonn moun pa gen dwa separe sa Bondye mete ansanm" (Matye 19 :6). Jezi te kapab toujou itilize anpil lòt agiman pou l reponn, men li te chwazi ale nan kòmansman avèk yo pou montre yo ki kote maryaj la sòti. Se Bondye ki orijin li.

Nati li

Èske w te konn tande yon pwovèb lari ki di "Menm bwa a, bay menm ne a"? Sa vle di ke ne bwa a genyen menm karakteristik ki sòti nan bwa a, epi nòmalman li itilize nan konbit familyal pou siyale resanblans ant paran ak pitit yo. Nan yon sans ki plis laj, li fè referans pou ke tout bagay yo, nan yon fason oubyen yon lòt, konsève resanblans avèk orijin li oubyen kote li sòti a. Maryaj la se pa eksepsyon an. Si nou konprann ke se Bondye ki orijin kote ke maryaj la sòti dirèkteman nan Li menm, nou dwe konsyan de tout enplikasyon ke sa genyen sou nati li a.

Nan premye pozisyon, **maryaj la se yon bagay ki sakre**. Li sakre nan tout sans epi depi nan kòmansman ak fen. Li

sa paske li genyen orijin li nan Bondye, li menm ki sen nan tout esans li epi li te kreye maryaj la kòm inyon sakre ant yon sèl gason ak yon sèl fanm jouskaske lanmò separe yo. Atravè prezans li, se Bondye menm ki te sanntifye inyon matrimonial la pandan ke li se otè premye maryaj la (Matye 19:4-6). Nou dwe sonje ke maryaj la te la depi avan peche a epi Bondye te kreye lòm ak maryaj la pou akonpli misyon li (Jenèz 1:28-31).

Bondye te enplante maryaj la pou ke chak konjwen kapab wè Bondye nan lòt la paske, lòt la menm jan avèk li te kreye ak imaj ak resanblans Bondye. Maryaj la se pi bon teren ki pèmèt ke nou konekte nou avèk Kreyatè a, kote ke de manyè pratik ak jounalyè nou dwe viv relasyon lafwa ki fè nou vin pi pwòch Li (Matye 7:12; 1 Korentyen 13:4-8<sup>a</sup>; Efezyen 5:21-33 ak Ebre 13:4, ak anpil lòt ankò. Souvan fwa nou wè kijan inyon sa dezonore epi devalorize avèk tout pratik ke sosyete a pwopuze mete nan plas nati maryaj la ki sen.

Nan dezyèm pozisyon, **maryaj la etewoseksyèl ak monogam**. Bondye te kreye nonm nan ak fanm nan, youn pou lòt. Jan ke sa déjà mansyone nan Jenèz 2:24, li di konsa ke nonm nan pral mete tèt li ansanm ak fanm nan epi yo de a ap vin tounen yon sèl chè. Yon referans ki klè a yon relasyon inité total ki gen pou wè avèk yon inité seksyèl ant fanm nan ak gason an. De zèt ki genyen anpil kapasite (etewoseksyèl) pou inyon sa menm nan diferans fizik ki fè youn konplete lòt. Yon gason ak yon fanm, lè yo mete tèt yo ansanm nan maryaj, yo tou mete tèt yo ansanm ak Bondye nan akonsplisman misyon Bondye a: "...fè anpil pitit".

Kesyon etewoseksyèl la pa yon erè ke Bondye te fè, sa te nan tèt li depi nan kòmansman paske sa te fè pati de misyon li. Li fè pati kreyasyon Bondye a menm.

Monogami an fè pati de nati maryaj ke Bondye te kreye a. Pa genyen anyen nan vèsè biblik la ki pèmèt nou panse lòt mwayen pou fè fwaye. Se menm jan ke nou kapab jwenn anpil envestigasyon ki apwouve valè monogami an pou konjwen yo avèk pitit yo. "Sosyològ ameriken Paul

Bondye te enplante maryaj la pou ke chak konjwen kapab wè Bondye nan lòt la paske, lòt la menm jan avèk li te kreye ak imaj ak resanblans Bondye.

Pou kisa w  
panse ke nan tan  
kounye a moun  
yo refize maryaj  
etewoseksyèl ak  
monogam nan?



Èske w dakò avèk  
enfòmasyon sa yo?  
"Maryaj la se yon  
bagay ki plis pase yon  
relasyon emosyonèl.  
Li reprezante yon  
byen sosyal tou..." Fè  
lètè sènza

Amato ekri: Nan konparezon avèk ti moun yo ki kwè nan yon fanmi ki etabli avèk papa ak manman, ti moun ki pran nesans andeyò maryaj yo rive vin gran moun avèk mwens fòmasyon, yo genyen mwens ekonomi, yo vin genyen yon sitiyasyon ki mwens pwofesyonèl ak plis possiblite pou yo rete san anyen fè (sa vle di, san travay ni etid k'ap mache), li plis pwobab pou ke pitit fi yo genyen yon pitit andeyò maryaj, ke eksperimante maryaj ki plis bay pwoblèm, yon bon kantite divòs epi reprezante plis depresyon".<sup>3</sup>

Nan twazyèm pozisyon, maryaj la se yon bon bagay. Tout bagay ke Bondye kreye se bon bagay yo ye. Nan tout pwosesis kreyasyon an, Bondye te fè yon ti poze senk fwa pou ke li te konplete zèv kreyasyon an avèk pwòp men li epi fè referans ak li kòm bagay ki bon, "Epi Bondye te wè li bon" (Jenèz 1 :10 ; 12 ; 18 ; 21 ak 25). Men aprè kreyasyon maryaj la, lè n'ap obsève kreyasyon an totalman, li te konkli pou di "li bon nèt" (Jenèz 1 :31). Yon ekspresyon san dout ki fè referans ak konklizyon yon plan ki byen panse ak egzekite, yon plan ki genyen lòm k'ap viv nan fwaye a.

Sèl kote ke Bondye te eksprime li negativman se lè li te wè èt imen sa ki se (Adan) sèlman, epi li di "Li pa bon..." Li t'ap di ke lòm nan (Adan) te kreye pou viv an kominote, men se pa pou kont li, nan sosyete. Se yon èt ki atache ak lòt moun natirèlman. Jounalis Katherine Price, nan liv li fenk ekri ki pote tit How to Break Up With Your Phone: The 30-Day Plan to Take Back Your Life (Kòman w kapab separe avèk telefòn ou : Yon plan 30 jou pou w kapab rekipere lavi w) li di ke "Nou menm lèzòm nou se yon kreyati ki trè sosyal, epi nou toujou vle pou nou fè pati de yon gwoup. Sa ki tèlman etranj se paske non sèlman jijman lòt moun enterese nou anpil, men tou nou mande yo jijman menm. Nou publiye anpil foto ak kòmantè pou nou demontre lòt moun yo ke nou merite lanmou, ke nou popilè epi, nan yon plan ki plis reyèl, nou atire atansyon, epi aprè nou fin gade telefòn nou avèk gwo atansyon pou nou wè si anpil lòt moun—oubyen omwen pèfil an liyi li yo dakò".<sup>4</sup>

Lòm nan se yon èt sosyal akoz de nati li. Newsyans lan afike ke sa ki plis enpòtan pou lasante mantal la se entèraksyon avèk lòt moun.  
...maryaj la se yon bon bagay, li fè lòm nan byen anpil paske li ba li posiblité pou l sòti nan li menm epi rantre nan yon relasyon avèk yon lòt epi pataje tout li menm.

Jounen jodi a, newosyans lan afike ke sa ki plis enpòtan pou lasante mantal la se entèraksyon avèk lòt moun. Apati de la, maryaj la se yon bon bagay, li fè lòm (gason ak fanm) nan byen anpil paske li ba li posiblité pou l sòti nan li menm epi rantre nan yon relasyon avèk yon lòt epi pataje tout li menm. "Maryaj la se yon bagay ki plis pase yon relasyon prive emosyonèl. Li reprezante yon byen sosyal tou...Kominote ki genyen anpil maryaj k'ap byen mache yo ofri pi bon byennèt pou ti moun yo, fanm ak gason yo pase sa yo ki genyen yon wo nivo divès, anpil nesans ti moun andeyò maryaj, konfliktif oubyen vyolans. Anplis de sa, benefis yon kilti matrimonial solid depase liy tout ras, yon kilti ak klas sosyal. Avèk yon vizyon lasante publik, enpak fwaye a enpòtan anpil".<sup>5</sup>

Daprè modèl orijinal la, fanm ak gason k'ap viv anba konsèp maryaj la konsidere kòm "bon nèt" (Jenèz 1 :31) déjà yo plase nan plas ki kòrèk la nan tablo kreysyon an ki konplèt.

Nan katriyèm pozisyon, maryaj la se imaj Bondye. Li senp pou nou panse ke fanm nan ak gason te kreye selon imaj Bondye, men se pa menm bagay la pou maryaj la. Nan yon mond ki tache ak peche kote ke maryaj la ap pran anpil kou, li difisil pou nou panse ke relasyon fanm ak gason ki fè yon sèl nan maryaj la se imaj Bondye.

Se pa yon kout chans Se ke Bib la travèse depi Jenèz pou rive nan liv Revelasyon an avèk analogi maryaj pou montre relasyon Bondye avèk pèp li a epi Kris ak legliz li. Kantite referans ke nou jwenn yo anpil nan Bib la ki gen pou wè avèk pasyans, lanmou, padon ak mizèrikòd Bondye pou pèp li a ak lanmou sakrifis la ak remisyon total Kris la pou legliz li. Tout karakteristik ke Bondye mande gason ak fanm nan nan maryaj la (Oze, Efezyen 5 :21-33). "Maryaj la kapab yon kote ki apa, yon relasyon ki pwoklame mond lan lanmou Bondye. Toutotan ke yon koup kontinye ap viv ansanm, malgre yo pa pafè, se angajman k'ap kontinye ant Kris ak legliz li".<sup>6</sup>

Lè gason an ak fi a mete lavi yo ansanm nan relasyon matrimonial yo genyen bèle opòtinite pou pote imaj Bondye nan mond lan jodi a; pa mwayen lavi chak jou nan lagras ak padon, mizèrikòd ak lanmou ant konjwen yo, Bondye manifeste nan yo tout.

Si maryaj la se imaj Bondye pa nati, pou kisa w panse ke genyen tout divòs sa yo ak lamarye ki mal alèz pamí sa yo ki pwofese lafwa nan Jezi ki se Kris la?



## Enstriksyon yo


Ki bagay tou nèf ou te aprann?

---

---

---

---



Eske w kwè ke sa w te aprann nan leson sa ap enpòtan pou ministè lamarye yo? Pou kisa?

---

---

---

---

---

---

---

Nan yon fason ki pratik, kòman ou kapab aplike sa w te aprann yo nan pwòp lavi pa ou ?

---

---

---

---

---

---

---

# Objektif maryaj la



Lesson 2

## Leson 2

### Objektif maryaj la



- Konnen plan Bondye pou maryaj la atravè limyè Pawòl la epi kòman koneksyon sa yo nan lavi chak jou ede pou anrichi relasyon konjwen yo.



- Bondye te kreye maryaj la avèk plizyè objektif ke nou pa dwe janm inyore tan ap pase.
- Akonpayman an se yon bagay ki enpòtan anpil pou lòm nan, epi Bondye te déjà rekonèt sa lè li te fòme premye maryaj la.
- Lajwa nan maryaj la te déjà nan plan Bondye depi nan kòmansman, nou dwe sove prensip sa yo nan maryaj yo jodi a.
- Pwokreyasyon an se te youn nan premye kòmandman Bondye nou an epi avèk li, li te ban nou privilej ak benediksyon pou nou vin manman ak papa.

Pou kisa moun marye?

**L** è ke nou poze kesyon, pou kisa fiyanse yo marye, nou kapab resevwa anpil repons diferan. Genyen anpil moun ki panse ke marye a se fen tout pwoblèm yo, ke depi yo fin marye, tout diskisyon ap disparèt, tankou nan kont yo "...yo te marye epi yo te alèz..."; anpil lòt moun te bay agiman ke yo ki pa deside rete poukонт yo epi genyen kèk lòt ki vle konstwi yon lavi nan tèt ansanm epi yo renmen youn lòt.

Ala difisil sa difisil lè moun depoze tout vizyon sa nan maryaj la san enplante li sou fòm ki anavan pou yo fè pi gwo pa a.

"Li pa fè m plezi", "Li pa akonpli sa mwen t'ap rete tann nan", "Li pat konsa", "Mwen santi ke mwen pat janm renmen li" sa yo se kèk fraz ki toujou sonnen aprè yon tan maryaj. Afimasyon sa yo toujou konsantre sou "mwen" san panse nan lòt la oubyen tankou fè maryaj la tounen yon objektif an komen epi atenn yon inyon ki dirab atravè anpil ane.

Si nou konprann ke maryaj la pran nesans andedan kè Bondye, nou dwe konprann objektif li pa mwayer Limyè Pawòl la. "Bib la konkli nan Jenèz 2:24 avèk deklarasyon ke lòm nan (ish) ap kite papa ak manman li epi l'ap fè yon sèl avèk (isha) epi yo tou de a pral fè yon sèl chè. Konklizyon ki dirèk la se ke se pou maryaj la menm ke Bondye te kreye fanm ak gason".<sup>1</sup>

Deja nou konprann ke se Bondye ki te panse ak kreye maryaj la, men, ki objektif li?

## Akonpayman

"Sa pa fè lontan, nou selebre 40 tan anivèsè maryaj kèk zanmi. Lè mwen te mande Guillermo sekrè siksè nan maryaj li a, li te reponn: "Té glase". "èské se Te glase?", mwen te mande. Ki relasyon ki egziste ant Té glase a avèk maryaj ou a?" Mwen pap janm bliye repons Guillermo a, li di ke se prèske chak jou, pou 40 dènye ane yo, li menm avèk Rut te pase tan chita nan balansin nan ap bwè te glase avèk sèl entansyon pou yo ansanm".<sup>2</sup>

Nou jwenn kòmansman tout bagay nan liv Jenèz ak maryaj ak objektif yo pa fè eksepsyon. Aprè ke Bondye fin fè yon gran pati nan kreyasyon an epi afime ke li te bon, li te baze sou lòm. Lè li kreye lòm "Adan", tèm "ebre..., li menm tou ki tradwi nonm, èt imen, ras limanite" (Bib Peshitta Tradiksyon Ansyen Dokiman Arameyen an Espanyòl, Broadman ak Holman Publishing Group, Bèljik, 2006, p.2). Bondye te 2006, li jwi de tout sa ki te kreye yo, sof "pye bwa konesans byen ak mal la" (v.16-17).

Nan Jenèz chapit 2:18, nou li ke aprè Bondye te fin kreye lòm epi ba li endikasyon ke li te eksprime yo "Li pa bon pou nonm nan rete poukонт li", ala sa gran pou nou wè kòman lòm te nan yon plas ki tèlman bon, avèk anpil kondisyon ki pafè epi avèk tout sa ki nesesè, men li te manke yon moun ki sanble avèk li pou pataje tout bél bagay ke Bondye te kreye. Nan v.20b di "...men Adan pat genyen pèsòn ki te pou ede li" epi Bondye te itilize ekspresyon "li pa bon..." (Jenèz 2:18) sa montre ke izòlman an pat janm fè pati de plan oriijinal Bondye epi non plis li pat kondisyon ideyal lòm, paske lè li te genyen yon relasyon avèk Bondye, li te bezwen lòt la menm jan avèk li (kreye selon imaj ak resanblans Bondye) avèk nenpòt moun ke li ta genyen akonpanye a, yon moun ki ta kapab akonpanye li pou akonpli misyon Bondye yo.

Nou konnen ke nou trè sosyal akoz de kreyasyon Bondye a ; sa fè lavi nan izòlman an difisil anpil, san akonpayman lòt moun. Nou pran nesans nan yon gwooup familyal, nou devlope ladan l, aprè sa nou vin fè pati de yon enstitisyon edikativ epi nou pataje tout tan preparasyon yo jouskaske nou rive mete fen ak edikasyon fòmèl la. Nou toujou genyen yon gwooup zanmi pwòch ke nou pataje espò, pwomnad, lavi kreyèn, etc. Li enteresan pou nou note ke kote ki genyen prizon yo, lè yo vle pini yon moun, pi bon fason an se izole li paske sa se yon gran pinisyon pou lòm nan paske nou te kreye pou nou rete konekte avèk lòt epi viv an kominate.

Akonpayman an se yon bagay ki enpòtan nan lòm nan epi Bondye te rekonèt sa lè li te etabli premye maryaj la, aksyon sa

Dapre ou menm,  
kisa ou panse  
ki objektif  
maryaj la?



Ki jan  
akonpayman  
dewoule nan  
maryaj la nan yon  
fason ki pratik?



se yon bagay ki te aksepte epi apresye pa Adan lè li te rekonèt "Aa! Fwa sa a, men yonn ki menm jan avè m'! Zo l' se zo mwen. Chè l' se chè mwen. Y'a rele l' fanm, paske se nan gason li soti" (Jenèz 2:23 VLS"). Ekspresyon sa montre ke li te wè yon espès menm jan avèk li, ni siperyè menm jan Bondye te ye a, ni enferyè menm jan ak animal yo, men pito se yon moun ki menm jan avèk li kote ke li t'ap kapab pataje tout relasyon yo nan tèt ansanm, epi pataje tout sa ke Bondye te kreye pou yo. Nou se èt ki trè pou yo pa nati, pataje avèk lòt moun fè nou rekonèt tèt nou kòm moun.

## Kè Kontan

Kè kontan an "se yon emosyon lajwa ak plezi. Li pa oblige egzajere pou li pwofon epi reyèl" (Diksyonè Teyologik Beacon KPN, EIA, P.313). Maryaj la kòm etan kreyasyon Bondye ki bon nèt la te etabli pou ke moun yo kapab pataje lavi yo epi rejwi kreyasyon Bondye a ansanm aksyon sa se yon bagay ki te aksepte epi apresye pa Adan lè li te rekonèt "Aa! Fwa sa a, men yonn ki menm jan avè m'!

Maryaj la kòm etan kreyasyon Bondye ki bon nèt la te etabli pou ke moun yo kapab pataje lavi yo epi rejwi kreyasyon Bondye a ansanm.

Zo l' se zo mwen. Chè l' se chè mwen. Y'a rele l' fanm, paske se nan gason li soti" (Jenèz 2:23). Lide kè kontan ant lamarye yo pran nesans nan kè Bondye a menm li menm ki konpare lajwa Bondye a pou moun sa yo k'ap sèvi li ak kè kontan ke konjwen yo viv nan relasyon yo a.

Nan plizyè fason diferan, nou wè ke genyen anpil kè kontan nan maryaj la "Fè kè ou kontan ak madanm ou. Pran plezi ou ak madanm ou renmen depi lè ou te jenn lan!" (Pwovèb 5 :18).

La jwa ak kè kontan sanble pa fè pati maryaj kounye yo, okontré sanble ke li enposib pou pawòl sa yo mache ansanm. Se tris anpil pou wè ke lamarye yo pa gen kè kontan lè y'ap pataje lavi yo epi yo konfòme yo ak sitiyasyon sa oubyen finalman yo kite.

Si nou pa rive atenn lajwa nan lavi nou, nou pap kapab pataje li avèk konjwen nou an nonplis. Èske w gen kè kontan ? Si nou pa janm kontan ak pwòp lavi pa nou, nou pap janm kapab goumen pou ke pa konjwen nou an kontan tou.

Men, poukisa  
jodi a tout  
ilistrasyon oswa  
blag sou maryaj  
montre absans  
lajwa ak plezi?



Selon Jezi, dezyèm kòmandman an se "...Se pou ou renmen frè parèy ou menm jan ak pwòp tè pa ou" (Matye 22:39). Repons Jezi a enteresan anpil, li pat sèlman di se pou ou renmen frè parèy ou, men pito li di ke se pou ou renmen frè parèy ou menm jan ak pwòp tèt pa ou. Ebyen, kòman n'ap kapab fè renmen frè parèy nou si nou pa renmen pwòp tèt pa nou avan? Nan premye pozisyon, nou dwe renmen pwòp tèt pa nou epi avèk menm lanmou sa a pou nou renmen frè parèy nou "konjwen nou". Se menm bagay la ki rive pou lajwa a jan ke nou kapab pretann pataje li lajwa avèk konjwen nou si gen kè kontan nan lavi nou.


Si nou aprann fè Si nou kontan nan anpil sitiyasyon diferan n'ap fè fas yo, epi nou chèche bagay ki favorize lajwa nan lavi nou an pral touche konjwen nou an. Olye pou nou lage chay la sou do konjwen nou pou absans de kè kontan ke nou dwe kòmanse chèche lajwa epi bat pou ke sa enfliyanse moun pandan n'ap jwenn anpil bagay nan lavi nou ki nan favè li. Li enpòtan pou ke nou jwenn lajwa lè n'ap pataje anpil bagay ansanm.

Lanmou ki sensè a fè moun yo panse fè kè konjwen yo kontan avan pa yo a epi, yon fwa ke sa rive fèt tou de kote yo, kè kontan an vin konvèti an yon bagay ki reyèl kòm yon pati nan lavi matrimonial la.

### Miltiplikasyon

Youn nan rezon ki fè maryaj la egziste se pou bay lavi. Bondye te di konsa: "Bondye te beni yo, epi li di yo: Fè anpil pitit epi miltipliye; ranpli latè..." (Jenèz 1:28). Aprè moun te fin kreye, nou vle pale de gason ak fi, misyon yo se te repwodui, fè timoun, fè yon gwo fanmi epi ranpli tè a (Li evidan, pwogrè nan manda sa a pa te sèlman pou premye koup la). Sa a se youn nan egzijans ki pi klè ke Bondye te bay nan kòmansman mond lan. Plan orijinal Bondye a se te pou gason ak fanm yo ini epi nan inyon sa a, ta genyen anpil lòt èt ki depase yo.

Timoun yo se yon kado ke Bondye bay lamarye a "Ti moun yo se yon kado Seyè a; Yo se yon rekompans ki soti nan men Li" (Sòm 127: 3 VLS. Pliske yo se yon kado Bondye, nou dwe pran swen yo, renmen yo, gide yo epi ede yo grandi ak antrene yo pou yo kapab vin moun ki endepandan.



Nan Jenèz 12: 2-3 nou wè pwomès ke Bondye te fè Abram ki di ke atravè desandan li, tout fanmi ki sou tè a ta va gen pou yo resevwa anpil benediksyon. Ala yon benediksyon sa ta ye! Sa ki ta vini atravè ptit gason li a, yon sèl ptit gason te nesesè pou kòmanse jenerasyon ki ta pote benediksyon pou tout fanmi yo ki sou latè a. Nan yon lòt sans, timoun yo ap swiv pa ptit ptit epi sa yo se pi gwo benediksyon pou granparan yo "Kouwòn gran paran ki fin vye gran moun yo..." "men bon paran yo se" lonè timoun yo..."(Pwovèb 17: 6). Nouvo Tradiksyon Vivan di ke "Paran yo se fyète ptit yo" Menm jan pou paran yo se yon benediksyon lè timoun yo swiv chemen Seyè a (Pwovèb 22: 6), e tou pou timoun yo se yon fyète ak sekirite pou gen paran ki ap viv lavi yo nan onè ak pè ke Bondye bay epi ba li sètidid nan lafwa li, "Moun ki gen krentif pou Seyè a, li gen asirans; Li pral yon refij pou ptit li yo "(Pwovèb 14:26 VLS).

Anvan pou kòmanse maryaj la, li enpòtan pou lamarye yo pale sou sijè timoun yo epi planifye lè ak konbyen timoun yo ta renmen genyen.

Timoun selon plan Bondye a yo rele yo dwe yon pati nan eksperyans sa a ke maryaj la ap viv ak sa li pral mennen yo nan fòme yon fanmi. Se yon gwo defi ak anpil anrichisman pou lamarye ki gen timoun yo, wè yo k'ap avanse, matirite, devlope jiskaske yo vin endepandan kote ke y'ap kapab avance ak lavi yo pou kont yo. Se wè lavi ki tou nèf k'ap fòme epi k'ap aprann bagay ki nouvo chak jou epi y'ap pase pou moun ki vin depandan jouskaske yo vin gran moun nèt ki vin endepandan totalman.

Si se vre ke timoun yo trè enpòtan epi yo se fwi lanmou, nan maryaj sa yo pa ta dwe janm fè li mal oswa deteryore relasyon matrimonyal la.

Moun ki marye yo dwe aprann ke ti moun yo pa la pou toutan. Maryaj la se koumansman tout bagay epi aprè sa, ti moun yo prale epi moun ki marye yo pral tounen rete pou kont yo yon lòt fwa ankò pou ke yo kontinye mennen lavi yo.

Pou rezon sa, relasyon matrimonyal la dwe kiltive ak anrichi an mezi tan ap pase san inyore plas prioritè ke relasyon matrimonyal la qenyen.

Plan orijinal Bondye a se sa pou ke gason an ak fanm nan te ini yo epi nan inyon sa, te kapab genyen anpil lòt èt ki depase yo.

Se yon bon travay akonpaye timoun yo nan kwasans yo epi akonpaye yo pou jwenn chemen kote yo pral mennen lavi yo bay enstriksyon ak konseye konpetan (Pwovèb 4: 1,5: 7).

Si se vre ke timoun yo trè enpòtan epi yo se fwi lanmou an nan maryaj la, yo pa ta dwe janm fè li vin pi mal oswa deteryore relasyon maryaj la. Lamarye yo dwe konprann ke timoun yo pap la pou toutan. Maryaj la se kòmansman tout bagay epi aprè sa, ti moun yo prale epi lamarye yo pral rete viv pou kont yo pou yo kontinye viv ansanm. Pou rezon sa a, relasyon maryaj la dwe kiltive epi anrichi an mezi ke tan ap pase san inyore plas priyoritè relasyon matrimonyal la genyen an.

Yon lòt kote, jodi a anpil maryaj mete enterè pèsonèl yo, plezi ak pwogrè levasyon timoun yo. Gen anpil rezon ki ekspoze ke nan moman an anpil moun refize gen timoun, men li nesesè pou egzaminen si sa yo pa fè sa yo vin yon pwodwi egoysis ak refi pou angaje yo nan fòmasyon yon lòt lavi ki pral mande yon ti tan menm si se ak limit, anpil nan nou.

Li onorab pou panse ke Bondye te fè konfyans ak èt imen an (gason) ak fanm) fòmasyon ak swen yon lòt moun, epi nan fason sa a, li delege nou Kontinite limanite a nan men nou. Kòm byen ke paran nou yo te fè sa pou nou (menm si yo pat pafè) nou dwe chèche vin pi bon paran jan nou kapab (menm si ke nou pap pafè).

Yon lòt kote, nou jwenn koup ki pou diferan rezon yo pa ka vin ansent; sa pa ta dwe yon antrav pou envesti lavi yo nan ti lavi ke paran yo bezwen pou yo ogmante, fòme ak akonpaye yo nan kwasans yo. Youn nan opsyon pou moun ki pa ka gen timoun yo se kapab adopsyon, byenke yo pa pral timoun biyolojik, yo pral anfan de kè, bay afeksyon, pwoteksyon ak edikasyon pou timoun ki te bay pou adopsyon pou anpil rezon ki diferan. Pou moun ki kwè nan Kris la desizyon sa a dwe fèt konsyans pou yo konprann ke menm jan ak moun ki gen ptit biyolojik yo, Bondye ba yo posibilité a pou yo kapab administre lavi sa yo.

Si se vre ke timoun yo  
trè enpòtan epi yo se fwi  
lanmou an nan maryaj la,  
yo pa ta dwe janm fè li  
vin pi mal oswa deteryore  
relasyon maryaj la.

## Aktivite yo



### Enstriksyon yo

Fè yon rezime sou sa ki plis remakab sou chak objektif yo nan yon fason ki byen senp tankou pou pataje yo avèk yon lamarye:

Akonpayman: \_\_\_\_\_


---

---

---

---

---



Kè kontan: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

---

Miltiplikasyon: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

---

Lanmou an,  
relasyon ki bon nèt la



Lesson 3

## Leson 3

Lanmou an,  
relasyon ki bon nèt la



### EJEKTIF YO

- Rekonèt ke Bondye te etabli prensip pou maryaj la.
- Konprann ke vrè lanmou an se youn nan prensip enpòtan ke Bondye te etabli pou maryaj la.
- Konprann enpòtans swen lanmou an kòm yon lyen nan kwasans ak pèmanans inyon matrimonial la.
- Identifie vrè lanmou selon Bib la.

### L IDE PRENSIPAL YO

- Apre kreyasyon gason ak fi epi mete yo nan yon anviwònman pafè, Bondye menm te ofisyalize maryaj yo epi etabli prensip ki ta dwe plase pou yo mennen lavi yo ansanm.
- Koumansman lanmou an enpòtan anpil pou maryaj la epi li gen de kote: (1) renmen nan Bondye ki se yon renmen san mezi anvè moun, epi (2) menm lanmou Bondye sa kòm mezi pou renmen pwochen ou, kòmanse pou mari oswa madanm lan.
- Lanmou Bondye a se agapè epi kat aspè fondamantal li yo se: desizyon, aksyon, angajman ak pasyon.

### Prensip maryaj la

**Y**on prensip se, jan ke menm mo a di li: premye enstantane pou yo te yon sèl bagay. "Kòz oubyen orijin yon bagay".<sup>1</sup> Men tou, avèk mo prensip la nou vle di yon "règ fondamantal oswa lide sa gouvène panse oswa kondwit".<sup>2</sup> Anjeneral nou itilize mo sa a opliryèl, epi nou di "moun sa a pa gen okenn prensip". Lè sa a, bagay ki kòrèk la se di "moun sa a pa gen bon prensip" depi lè sa a tout moun ki gen prensip ki mennen lavi yo byenke nan anpil ka prensip yo pat dakò ak pawòl Bondye a. Wè nan fason sa a, prensip fondamantal epi detèmine lavi chak jou nou. Si nou mete sa a nan maryaj la, nou bezwen chèche prensip maryaj yo ke Kreyatè a te etabli nan Pawòl Li.

Premye kay nou jwenn nan Bib la se pa Adan ak Èv, premye èt imen ke Bondye te kreye yo. Aprè yo te fin kreye epi mete yo nan yon anviwònman pafè, Bondye li menm li te ofisyalize maryaj yo epi etabli prensip ke yo ta dwe aplike pou mennen lavi yo ansanm. Prensip ke lè ke yo viv yo, y'ap mennen nan lavi abondan sa ke Bondye te enplante depi nan Kòmansman an pou lèzòm epi Jezi te konfime lè li te pwoklame: "Lè vòlè a vini, se vòlò li vin vòlò, se touye li vin touye, se detwi li vin detwi, se sa ase li vin fè. Mwen menm, mwen vin pou moun ka gen lavi, epi pou yo genyen l' an kantite" (Jan 10:10).

Apati de leson sa, nou pral trete chak prensip ke Bondye te etabli yo pou maryaj la depi nan premye chapit liv Jenèz yo. Nou pral kòmanse avèk lanmou an.

## Kòmansman lanmou

"Nou te divòse paske sa jis pa fonksyone ankò". "Nou déjà fin leve dènye pitit nou an, kidonk nou pa genyen okenn enterè ankò pou nou rete ansanm". "Pa gen anyen ki pou kenbe nou ansanm ankò". "Mwen pa panse mwen te janm renmen li". "Mwen pa renmen li ankò". "Lanmou an fini". Sa yo se kèk fraz nou te tandem nan koup ki vle fini lavi marye yo. Èske reklamasyon sa yo kòrèk? Poukisa koup sa yo pèdi lanmou ki te mete yo ansanm yon jou a? Èske renmen an ta dwe gen yon dat ekspirasyon?

Jodi a plis pase tout lè, kretyen marye ki divòse vin pi fasil pase sa yo ki marye. Sa k pase? Nan kisa n'ap fè fayit konsa? Èske se lè lanmou an ki fini, jan ke anpil moun ap di li?


Lè ke nou vire je nou nan Jenèz, si nou ka asire nou de yon bagay ki te preznan nan kreyasyon an, se te renmen. Nou tout disip Jezi yo admèt ke Bondye se lanmou (1 Jan 4: 8), sa ki mennen nou konprann ke motif nan tout aksyon li yo se lanmou. Se sans li. Nan tout Pawòl Li, nou jwenn kote ke Bondye eksprime lanmou li nan plizyè fason. Lè w ap li ak atansyon sou kreyasyon an, nou ka wè lanmou Bondye k ap manifeste: plan li, dedikasyon l 'yo, detay yo, amoni nan kreyasyon an, libète pou kreye, kado li menm nan èt imen an (imaj ak resanblans) ak misyon yo ke li bay gason ak fanm lan epi fè yo vin kolaboratè li nan kreyasyon an. Tout sa se aksyon renmen.

Kòmansman lanmou an enpòtan anpil epi li genyen de aspè. Lanmou ke Bondye ban nou an, ak lanmou ke Bondye mande pou nou bay la.

Lanmou Bondye a:

Yon lanmou san mezi nan favè lèzòm

Nou se fwi lanmou Bondye: nan premye pozisyon, paske li te kreye nou (Jenèz 1: 26-28) epi dezyèmman paske li sove nou epi ban nou lavi ki pap janm fini (Jan 3:16). Avèk bon rezon, anpil fwa, nou te tandem yo di ke Bib la se yon lèt ke Bondye ekri pou nou. Yon lèt ki anmagazine tout aksyon Bondye yo nan favè limanite epi se pa pou di li plis bagay ke li renmen li; epi ki renmen l ak lanmou etènèl (Jeremi 31:3).





Ak pwòp pawòl  
ou yo, kòman w  
ta kapab defini  
lanmou agapè a?



Lanmou Bondye a se agapè. Teyolojen William Barclay nan liv grèk li a ki gen pou tit Nouvo Testaman di konsa: "Agapè genyen pou wè avèk lespri a. Se pa yon senp emosyon ki debouche natirèlman nan kè nou, men se pito yon prensip ke nou viv avèk tout libète. Agapè a gen rapò ak volonte. Se yon konkèt, yon viktwa, yon siksè. Okenn moun pa janm renmen lènnmi li yo; men lè li rive fè li, se yon konkèt natif natal nan tout gou natirèl ak emosyonèl nou yo. Agapè sa, se kapasite pou renmen sa ki pa merite lanmou, renmen moun ki pa renmen nou an".<sup>3</sup>

Nou se fwi lanmou Bondye: nan premye lye, paske se li membré ki te kreye nou (Jenèz 1:26-28) epi nan deyzèm pozisyon, lè li sove nou pou ban nou lavi ki pap janm fini an (Jan 3:16).

Agapè se santral la nan revelasyon Bondye ekri a menm. Tout 10 kòmandman yo te bay Moyiz yo te baze sou lanmou sa a epi Jezi rezime lavi disip li yo nan akonplisman de kòmandman ki sipòte pa agapè (Mak 12: 30-31); e nan dènye jou li yo, Jezi te bay disip li yo yon nouvo kòmandman ki te gen pou wè avèk pratik agapè a (Jan 13: 34-35).

Apot Pòl te ekri sou fason Bondye renmen nou. "Men, Bondye montre lanmou li (agapè) pou nou, ke pandan ke nou te toujou pechè, Kris la te mouri pou nou" (Women 5: 8). Nan fason sa a Bondye te montre limanite ke lanmou agapè a an pratik. Yon lanmou k ap chèche yon fason pou leve lòt la nan kondisyon l'kèlkeswa pri a. Pòl, sou reyalite sa a, nan 2 Korentyen 5:21 ekri "Kris la pa janm peche. Men, Bondye te trete l tankou si li te fè peche, li deklare nou inosan atravè Kris la"(VLS). Tout bagay sa yo se akoz de lanmou.

Lanmou Bondye a: mezi nou pou nou renmen limanite

Apot Pòl te kontinye devlope liy panse sa epi montre yon fason ki plis ekselan: agapè (1 Korentyen 13). Pasaj sa a pwobableman pi eksplisit osijè de sa ke li ye ak sa ke li pa ye, osi byen ke sa li fè epi li pa fè agapè. Apot la te deklare Agapè se: Moun ki gen renmen nan kè li gen pasyans, li gen bon kè, li p'ap anvye sò lòt moun. Li p'ap fè grandizè, li p'ap gonfle ak lògèy. Moun ki gen renmen nan kè li p'ap fè anyen ki pou fè moun wont, li p'ap chache avantaj pa l', li p'ap fè kòlè, li p'ap kenbe moun nan kè. Moun ki gen renmen nan kè li p'ap pran plezi l' nan sa ki mal, li pran plezi l' nan sa ki vre. Moun ki gen renmen nan kè li sipòte tout bagay: nan

nepòt ki sitiyasyon, li toujou gen konfyans nan Bondye, li p'ap janm pèdi espwa, l'ap toujou moutre jan li gen pasyans; epi kisa li pa fè: Renmen pa janm fini. Yon deskripsyon egzat Bondye ki enkane nan Jezi k'ap mache nan lari pousyè nan Palestin. Yon egzanp vivan ki gen pou wè ak lanmou agapè a.

Si byen ke 1 Korentyen se yon pasaj adresé a tout moun an jeneral epi se pa ant mari oswa madanm an patikilye, pa gen anyen ki endike ke yo pa gen yon aplikasyon pafè nan yon konteks maryaj. Se plis, nan analogi ke Pòl fè nan Efezyen 5: 21-33, li montre fason agapè a dwe aplike nan maryaj la; kòmanse nan relasyon ke Kris genyen ak legliz li a, endike ke maryaj se yon relasyon nan soumision, respè, lanmou ak remision.

Li trè fasil pou konprann lanmou Bondye pou limanite, men se trè difisil pou konprann ke lanmou sa se mezi relasyon youn ak lòt (Jan 13:34), kòmanse avèk mari oswa madanm lan. Li trè komen ke anvan kèk sitiyasyon presan nan maryaj la, madanm yo mande, kòman pou mwen renmen mari oswa madanm mwen? Jouk ki kote? Ki lòt bagay mwen ta dwe fè? Pou kesyon sa yo, apot Pòl reponn, "Nou menm, mari yo, se pou nou renmen madanm nou menm jan Kris la te renmen legliz la, jouk li te asepte mouri pou li" (Efezyen 5:25).

Lanmou ke Bondye etabli nan Pawòl Li a se yon monnen ki genyen de pyès: nan yon bò, lanmou Bondye a ki se yon lanmou san mezi anvè limanite, epi sou lòt bò a, menm lanmou Bondye sa kòm mezi pou renmen frè parèy nou yo, kòmanse pa mari oswa madanm lan.



Answit, an nou wè plizyè aspè diferan sou lanmou agapè a nan maryaj la.

Fas avèk kesyon, kijan mwen dwe renmen mari oubyen madanm mwen?  
Apot Pòl reponn, "Kòm Kris la te renmen legliz la" Epi fas ak kesyon, Jouk ki kote? Apot la reponn: "e li te bay tèt li pou legliz la".

Nan yon fason  
ki pèsonèl, epi  
panse sou relasyon  
matrimonial reponn  
kesyon sa yo: Èske  
mwen soufri ak  
bonte? Èske mwen  
pa anvyesò moun,  
fè grandizè, pa  
fyè? Mwen renmen  
verite a? èske mwen  
soufri tout bagay,  
kisa mwen kwè,  
mwen espere ak  
tann? Mwen pa fè  
anyen ki mal, mwen  
pa chèche enterè  
pa m ase, mwen pa  
irite, mwen pa kenbe  
rankin, mwen pa  
kontan nan enjistik?  
Èske mwen pa janm  
sispann renmen  
madanm oubyen mari  
mwen?



## Lanmou se desizyon

Byen souvan, lanmou an asosye ak tonbe damou an, epi li valab pou di tou ke ak yon lanmou "bon mache" trè mal konprann. Yon zafè lanmou ankadre nan soryete a nan konsomasyon ke n'ap viv, kote yo sèlman itilize bagay yo epi jete yo, yo machande yo daprè mache a (òf ak demann) epi genyen oswa pèdi valè selon degre satisfaksiyon konsomate a genyen an.


Lè ke lanmou an gen pou wè sèlman ak emosyon yo febli, li viv nan depans nan sa lòt la jenere pou li. Se soti deyò pou antre andedan. Nan yon okazyon yon fanm, ki nan moman sa a te sou dezyèm maryaj li, li te di sou mari li: "li pa jenere anyen ankò pou mwen." Trè klè, li konprann ke pou ke lanmou an rete vivan, li te dwe pwodwi pa mwayen lòt yo. Se tankou fin achte yon bagay epi voye l jete lè li pa itil oswa lè li sispann bay sèvis yo te fabrike epi achte l pou l bay la.

Se yon erè fatal pou panse ke renmen sèlman gen pou wè avèk kè oswa emosyon yo. An reyalite Bib la avèti nou sou sa lè ke li di : "Pa gen anyen ki ka twonpe moun pase sa ki nan kè lòt moun. Pa gen renmèd pou sa. Ki moun ki ka rive Konprann sa k'ap pase nan kè lèzòm?" (Jeremi 17: 9).

Lanmou ke Bondye endike nou nan Pawòl li a se agapè a, ki plis pase emosyon, yon desizyon se yon prensip pou tout lavi. Se lanmou sa a ki te pote Jezi mouri sou kwa a pou limanite, epi se lanmou sa menm ke Bib la rekòmande disip Jezi yo. Se yon lanmou ki soti nan yon desizyon pèsònèl epi ki manifeste pou lòt l'antyèman. Li sòti andedan pou rive deyò. Se yon lanmou ki pa fini, ki chèche bay olye de resevwa epi li jwenn enèji li nan chèche enterè ak byennèt lòt la. Se yon lanmou ki renmen menm lè li pa santi epi lòt la pa merite lanmou.

Nan dis dènye ane yo, yo  
pibliye anpil etid ki devwale  
wòl ke plizyè pati nan sèvèl  
la jwe (ipotalam nan, tyas  
devan tèt la, amigdal la,  
nwayo akouben yo oubyen  
plas kote fontenn nan plase  
a) nan lanmou.

Ki opinyon  
ou osijè de  
deklarasyon sa:  
"Se pou maryaj  
ou a detire  
lanmou w epi  
ogmante kapasite  
ke w posede pou  
w renmen, lè l'ap  
anseye w pou w  
vin yon Kretyen".



"Wi, se vre ke konjwen sa a ka difisil pou renmen pafwa, men maryaj se pou sa: pou montre nou renmen. Se pou maryaj ou detire lanmou ou epi ogmante kapasite ou pou w renmen, anseye ou vin yon Kretyen. Sèvi ak maryaj la kòm yon kote pou fè repetisyon, kote ou aprann aksepte lòt moun nan epi sèvi l".<sup>4</sup>

## Lanmou an se aksyon

Tout pwomès ke mari oswa madanm yo fè nan seremoni maryaj yo fè yo sèmante pou fè yon seri de aksyon konkèr anvè youn ak lòt epi pou renmen pandan tout lavi yo ansanm.

Se konsa sa ye, pou de rezon: (1) paske pwomès ki te fèt nan seremoni maryaj yo te fèt nan prezans Bondye epi echèk yo se yon reyalite ki byen grav (Eklezyas 5: 1-7); ak (2) paske vòt yo te fèt nan yon egzèsis kote ke tout moun te lib pou deside plase volante yo nan men mari oswa madanm lan sou fòm aksyon ki byen konkèr.

Pafwa li sanble ke maryaj la se fen an epi se pa kòmansman lavi matrimonial la. Anpil lamarye bay rezon pou sa a lè, aprè ke yo te kòmanse viv ansanm lan epi vlope nan woutin yo, yo plenyen ke mari oswa madanm lan te sispann fè sa yo oswa ki bagay. Soti nan detay, tankou kado, ti mesaj oswa sipriz, menm pwoblèm ki gen pou wè ak kontra ak atitid abizif epi imilyan olye pou yo aji byen ak pran swen selon pawòl Bondye a dwe genyen (Matye 7:12; Mak 12:31; Jan 13:15; 34-35; Efezyen 4:2-3; 5:21-33; Kolosyen 3:18-19; 1 Pyè 3:7).

Mete non w ak non konjwen w lan epi li pwomès la, make vèb yo epi fè yon ti reflechi osijè de akonplisman yo.

"\_\_\_\_\_ èske w vle pran \_\_\_\_\_  
pou madanm, mari lejitim li, pou viv avèk li nan maryaj la daprè kòmandman Bondye a? èske w'ap renmen li, onore li, pran swen li nan tan maladi ak nan lasante, nan povrete ak richès; epi renonse a tout lòt gason oubyen fanm, èske w'ap konsève tèt ou pou li sèlman toutotan ke nou tou de a ap viv?"

Renmen agapè ke Bondye modle nan Jezi Kris pou nou an se aksyon, aksyon ki san melanj! Men, yon aksyon ki bay, se pa resevwa oswa yo bay an repons a yon aksyon ou resevwa. Non!

Se sèlman aksyon bay. "Paske Bondye sitèlman renmen mond lan, ki te bay sèl Pitit li a, pou tout moun ki kwè nan li, yo pap pèdi lavi yo, men yo va gen lavi ki pap janm fini an"(Jan 3:16).



Kòmante pasaj biblik sa: "Si yon moun di: mwen renmen Bondye, pou anmenmtan pou l' rayi frè l', moun sa a ap bay manti. Paske, si li pa renmen frè l', yon moun li ka wè, li pa ka renmen Bondye li pa ka wè a?" (1 Jan 4:20).



### Lanmou an se angajman

Jan ke sa déjà mansyone a, lanmou agapè a se yon desizyon, kòmansman nan lavi ak yon angajman nan fen an. Sa vle di ke desizyon renmen an pral vle di yon angajman enkondisyonèl. An reyalite, "divòs la rezante dezobeyisans fas ak Kòmandman Jezi a. Se derespekte sa ke li rele nou pou nou fè a. Si mwen pa ka renmen madanm mwen, kòman mwen ka renmen moun ki san kay? Kouman mwen ka renmen tafyatè oswa dwogè?"<sup>6</sup> epi ki jan mwen ka renmen lènmi mwen an oswa vwazen mwen an? (Matye 5:38-48). Apot lanmou an, nan sans sa a, li te byen kategorik lè li te ekri: "Si yon moun di: mwen renmen Bondye, pou anmenmtan pou l' rayi frè l', moun sa a ap bay manti. Paske, si li pa renmen frè l', yon moun li ka wè, li pa ka renmen Bondye li pa ka wè a?" (1 Jan 4:20). Anpil pafwa ou blyie ke mari oswa madanm nou se frè parèy nou ke nou dwe premye renmen.

Jodi a angajman sanble ap eskive pa moun ki vle viv ansanm. Tout tan yo fè yon novo fason pou viv ansanm, men dèyè yo gen yon rezistans nan konpwomi. Epi angajman an pa gen retrè, li se pou lavi; sa fè ke ou genyen obligasyon pou w renouve chak jou nan travay la pou ke fwaye a vin pi bon toujou.

La a nou pale de yon vrè sans angajman, li menm k'ap gen pou l manifeste toutan. Byen souvan nou bay plis tan, enèji ak lajan ak sa ke nou plis angaje nou. Jezi te di li nan lòt tem "Paske kote trezò w ye, kè ou ap la tou" (Matye 6:21).

Angajman nan yon relasyon pral vin pi evidan lè gen obstak pou simonte. Si angajman an fò, li pral envesti tout tan, enèji ak lajan pou rezoud epi olye de sa, lè angajman an fèb oswa pa egziste, li pral tou senpleman dwe evite epi yo pap chèche okenn solisyon.

### Lanmou an se pasyon

Jounen jodi a fraz "fè lanmou" vin popilè kòm sinonim ak fè sèks. Sa nan lide nan anpil moun, ede defòme vrè lanmou ak vrè sèks tou. Sèlman pi lwen reyalite a ki se idantifye renmen tankou yon bagay ki fèt nan yon moman. Kòm nou te dekri lanmou an ki se tout sa ke nou fè tout tan ak tout nou menm.


Si se vre ke aprè yon tan maryaj la pase plizyè etap diferan ak chanjman l'ap fè fas, pasyon an dwe yon eleman inevitab nan lanmou lamarye a. Pa janm pèdi li, paske li se youn nan bagay ki bay relasyon an karakteristik patikilye nan fwaye a. San li, li kapab nenpòt ki lòt kalite relasyon, men se pa yon maryaj (Jenèz 2:24).

Lanmou nan maryaj eksprime nan yon remisyon (chante). Yon remisyon volontè, ak respè total epi nan konplète libète k ap chèche satisfaksyon konplète lòt la nan chak rankont, menm ofri pwoteksyon kont tantasyon Satan (1 Korentyen 7:3-5). Yon demonstrasyon lanmou sansib ak pasyone kote objektif youn se satisfè lòt yo. Bondye te planifie li konsa depi nan kòmansman an.

"Seksyalite a - epi an patikilye jenitalite a- dwe konsidere kòm yon eleman nesesè, valab epi fondamantal nan relasyon koup la. Nou dwe toujou travay pou ke dimansyon sa a pa pèdi. Manm koup yo dwe fè tout sa ki posib pou jwenn espas, sitiayson ak posiblite pou eksprime dezi yo epi pou yo fè li grandi".<sup>7</sup>

# Enstriksyon yo

Avèk pwòp pawòl pa w, ekri yon rezime leson an pandan w'ap demonstre pwen ki prensipal yo. Ou pap kapab itilize plis ke espas sa.



Kite ...kòmansman yon nouvo ínité



Lesson 4

## Leson 4

### Kite ...kòmansman yon nouvo ínité



- Dekouvri siyifikasyon lòd "kite" a epi egzamine enplikasyon li yo pou lavi matrimonyal nouvo koup la.



- Bondye voye mari oswa madanm yo yon fason absolu kite papa ak manman ak tout lòt relasyon pou konsentre sou konstriksyon fwaye yo a.
- Malgre yo te ekri liv Jenèz la plen epòk patriyakal, Bondye te fè wè klè ak klèman ke maryaj sa gen menm redevans lan sou mari oswa madanm lan.
- Bondye, depi nan kòmansman an, li te bay anpil atansyon pou pran swen relasyon maryaj la nan fè ke mari oswa madanm yo ap viv separe epi san depann de lòt moun.
- Kite, pou maryaj la ap toujou pote kwasans ak benediksyon.

### Entwodiksyon

**L**è nou ale nan Bib la nou jwenn yon Bondye ki pa kite anyen fèt pa chans oswa abandone pou yon destinasyon ensèten. Tout bagay te planifye ak anpil atansyon epi an detay. Apre yon lòd, an yon sekans lojik e menm nan manda yo bay nan moman egzak la ak rezon ki trè byen defini.

Nou kontinye wè prensip yo ke Bondye te etabli pou maryaj la depi nan kòmansman. Prensip ki pral ede nou etabli yon fondasyon ki solid pou bati yon relasyon matrimonyal an sante pou tout lavi. Nan lesон sa a nou pral wè prensip "kite" a. Yon manda ke Bondye etabli kòm aksyon fondamantal pou bati nouvo relasyon an.

### Kite ... nan Jenèz 2:24

Vèsè ki nan Jenèz 2:24 la se kle lè pou rive nan maryaj la. Nan kèk mo li dekri tout bagay konsènan reyalize yon relasyon matrimonyal konplè. Pasaj la vin santral nan tretman sijè a paske li etabli kòm fondasyon nan kòmansman enstitisyon maryaj la; se tou paske se nan bouch Bondye enkane te site avèk fòs (Matye 19: 5 ak Mak 10: 7-8) ak Lè sa a, apot Pòl te soulve l lè li te nan Efèz 5:31 li te site li pou ilistre lektè li yo relasyon ant Kris la ak legliz la. Se poutèt sa, Jenèz 2:24 se pasaj ke nou bezwen eksploré nan rechèch prensip fondamantal sa yo pou ke, lè n ap viv yo, maryaj kapab sa ke Bondye te planifye a menm.

Li pral kite (azab) parèt 215 fwa nan Bib la epi daprè Diksyonè Biblik Vine siyifikasyon li se "kite, abandone, ranvwaye, renonse, kite ale". Fondamantalman li vle di "soti nan yon bagay" oswa "kite". Sa a se siyifikasyon tèm ki te parèt nan Jenèz 2:24 pou premye fwa. Sepandan, kòmantatè Wenham<sup>1</sup> ak Hamilton<sup>2</sup> defann tradiksyon azab la kòm "abandone" olye

pou yo "kite". "Pral kite" a genyen yon son ki plis net pandan "Pral abandone" sijere entèdiksyon.

"Se konsa, kite papa ou ak manman ou epi mete tèt ansanm ak madanm li vle di kraze yon lwayote epi kòmanse yon lòt. Anvan maryaj la, premye obligasyon nomm nan se te paran li yo. Aprè maryaj la, obligasyon yo vin madanm li". "Nan sosyete tradisyonèl yo tankou Izrayèl, kote onore paran se pi gwo obligasyon imen ansanm ak onore Bondye, deklarasyon sa a ki se abandone yo se di anpil".<sup>3</sup>

Lè ke nou konsilte mo "kite" nan diksyonè a Reyal Akademi Espanyòl<sup>4</sup>, nou jwenn siyifikasyon sa yo: Relache yon bagay; retire oswa deplase kite yon bagay oswa yon moun; dezète; abandone; pa kouri dèyè yon aktivite; blyie (sispann kenbe nan lespri a); padone. Nou wè ke siyifikasyon an nan lang panyòl la pa diferan ni li pa depaman de siyifikasyon ke nou jwenn nan tèks biblik orijinal la ki nan lang ebre.

Kite ... ki moun ki dwe kite?


Pou kisa nomm lan (ich) di ke li pral kite ...? Èske se pou li sèlman? Fanm lan (isha) pa ta dwe kite? Li klè ke Kòmandman an konsène gason ak fanm lan. Sepandan, sa vin pi klè lè nou konprann ke kont sa a te ekri nan mitan epòk patriyakal, se fanm lan yo te mande pou kite tout bagay pou al jwenn mari l oswa nan anviwònman paran li yo (pa egzanp, Jenèz 24). Wè nan fason sa a, manda pou se gason an ki ta kite lakay paran l yo vin yon eskandal, se te yon separasyon ki trè vyolan ak konstriksyon sosyal nan moman sa a. Nan fason sa a, nou ka konprann ke manda pou kite a pa genyen anyen pou wè avèk yon lòt manda kiltirèl, byen kontré la. Wi, si entansyon Bondye a se ta pou konsève patriyach, manda ta dwe dirije sou fanm yo, men non, li dirije sou gason an. Se yon prèv anplis ke maryaj la se pa yon konstwi sosyal, men pito, yon konsepsyon diven. Se Bondye menm ki enspire ekriven biblik la pou korije koutim tan an epi mete fondasyon maryaj yo jan Bondye te gen entansyon depi nan kòmansman an. Plan orijinal Bondye a kòmanse ak kite. Yon aksyon ki pou tou de, pou gason tankou pou fi a, li vin esansyèl pou etabli nouvo inite a (Jenèz 2:24).

Nan sans sa a gen de aspè ki pa piti, ke tèks biblik la revele. Youn nan yo se ke nomm lan ak fanm lan ki ini nan maryaj yo pa timoun men pito se de gran moun. Moun ki gen matirite epi ki gen libète pou pran pwòp desizyon yo. Dezyèmman, se ke lòd kite pou fè yon sèl la, men pou fè yon sèl ant yo: yon gason ak yon fanm. Timoun yo ta dwe fwi nan relasyon renmen yo, men yo pa janm dwe la pou separe moun ki marye yo epi fè yon sèl ak timoun yo. Maryaj la an premye, timoun yo aprè. Mari ak madanm nan an premye, aprè sa a, paran yo.

"Se konsa, kite papa ou ak manman ou epi mete tèt ansanm ak madanm li vle di kraze yon lwayote epi kòmanse yon lòt. Anvan maryaj la, premye obligasyon nomm nan se te paran li yo. Aprè maryaj la, obligasyon yo vin madanm li".

Èske w dakò ke manda "kite" a se pou gason an menm jan ak fi a? Pou kisa wi oubyen pou kisa non?





Lè nou wè sa konsa  
“Nou dwe prepare  
nou pou jou ke pitit  
nou yo gen pou  
ale, nou dwe kiltive  
enterè ki komen, lè  
n'ap aprann fè kèk  
bagay ansanm, epi  
apwofondi relasyon  
amikal la antre nou”  
paske se sa konseye

Wayne Mack, fè  
yon ti panse. Sa fè  
depi kilè ou menm  
avèk konjwen w pa  
sòti pou kont nou...  
san pitit, san paran  
ak zanmi, epi nan  
konvèrsasyon yo,  
yo pa dwe preznan  
nonplis. Kisa nou pral  
fè pou sa?

Kite... kisa nou dwe kite a?

Nan pasaj Jenèz 2:24 gen yon endikasyon ki eksprime pou kite “papa ak manman an”, premye relasyon an, sa ki plis entim ke lòm nan kapab genyen. Se pou nou sonje ke lòm nan se èt ki pi depandan ki pamitout lòt èt vivan yo ki egziste sou latè. Konnen sa, Kreyatè a te bay paran yo (gason ak fi) pou leve, swanye, edikasyon ak devlopman nan tout fason. Devlopman ki gen pou kontample konstriksyon otonomi timoun yo. Paran yo ap travay sou devlopman timoun yo fè yo èt otonòm, ba yo li (Matye 1:21; 3:17; Lik 1:57; 3: 3). Konsènan sa, konseye Kretyen Wayne Mack di: “Si ou se paran, objektif ou ta dwe prepare timoun yo ki pral kite yo, se pa pou yo rete. Lavi nou pa dwe vire alantou yo paske sa pral fè yo transfòme an andikape emosyonèl. Ou dwe prepare pou jou a lè pitit ou yo va ale, kiltive enterè komen, aprann fè kèk bagay ansanm, epi apwofondi nan relasyon amikal la antre nou”.<sup>5</sup>

Retounen nan tèks biblik la, li klè ke moun ki pral marye yo dwe kite paran yo. Pa gen okenn chwa. Yo dwe kite yo menm lè paran yo pa vle kite yo ale ak estrateji sibtil ak pratik pa kite yo kite epi ale. Gason ak fanm ta dwe kite sa ki te déjà priyorite pou yo chak (paran yo) pou etabli yon nouvo priyorite: madanm li. Paran yo pral kapab fè epi di tou sa yo santi ak vle, men Bondye bay yon manda klè pou moun ki deside rантre nan lyen maryaj la.

Pasaj la pale de kite fanmi orijin lan. Moun ki gen sa yo ki te etabli yon kosyon trè entim diran plizyè ane, men li pa yon kondisyon pou yo kòmanse yon nouvo relasyon. Kite a enplike “boule bato yo”<sup>6</sup>. Sa vle di se retire possiblité pou retounen an nan lespri. Fè lide pou: kite pou pa retounen, nan okenn sikontans.

Akoz de fòs relasyon ke vèsè a mete aksan an, se pwòp panse ke lè moun nan kite fanmi orijin lan, li ta dwe tou kite tout lòt relasyon yo. Wi, tout lòt yo. Fanmi pwolonje a, zanmi, relasyon santimantal tan pase yo, travay, pwofesyon oswa karyè<sup>7</sup>, pasyon<sup>8</sup> e menm travay legliz la. Tout bagay sa yo dwe pase nan dezyèm plas epi espesyalman paran yo ta dwe sispann enfliyanse desizyon ke moun ki marye yo ap pran pou konsti maryaj yo a, pwòp maryaj inik yo a.

Yon bagay trè difisil pou reyalize si aprè maryaj yo kontinye ak depandans emosyonèl la (enfliyans) sou relasyon lè yo te selibatè.

Nan lòt sans, pap kite, se yon depandans emosyonèl ki rekonèt nan sikoloji kòm “attachman”, epi li kapab grav tankou yon vis. Pwoblèm lan se ke “anpil depandans emosyonèl yo pa konnen si yo sa, yo poko okouran. Ou pral wè yo soufri ak yon souri fo ki sòti bò kote sa ki jistifye oto-destriksyon sikolojik banal epi plonje nan pwòp mansonj yo. Men, pa gen okenn vire paj la: attachman gate; li afekte integré ou epi fè ou pi fèb chak jou”.<sup>9</sup>

## Kite ... kisa sa vle di egzakteman?

Petèt nan pwen sa a li nesesè pou presize yon ti kras plis kisa egzakteman kite kay la vle di. Premyeman, kite a pa vle di renmen mwens. Renmen pou paran yo pa ta dwe sibi chanjman. Tout moun genyen kapasite ase pou yo renmen tout sa li deside renmen. Sa ki pral chanje yo se lòd priyorité yo. Dezyèmman, sa pa vle di sispann onore yo. Jisteman lè nou konstwi yon relasyon matrimonial ki an sante epi ki pèmanan andeyò depandans paran yo, sa pral yon gwo onè pou yo. Twazyèmman, li pa vle di koupe tout relasyon avèk yo, men pito se fini sitou ak tout depandans emosyonèl, ekonomik, elatriye nan men yo. Epi an katriyèm pozisyon, li pa vle di ke li nesesè pou ke genyen yon sèten distans fizik, byenke li evidan ke dwe gen yon distans adekwa. Jounen jodi a, sa trè relativ akoz de komunikasyon sou entènèt la ki vin pèmèt tout mond lan trè pre nan relasyon yo. Si nouvo maryaj la pral viv nan yon peyi byen lwen men yo toujou konekte ak paran yo chak jou pa entènèt, yo pral viv nan yon ilizyon men an reyalite yo pa kite yo. Aksyon kite a vle di ke menm si yo ap viv nan menm vil la yo sispann depann de paran yo nan tout fason.<sup>10</sup>

Kite vle di ke mari ak madanm nan pral oryante lavi yo youn pou lòt epi yo pral pran responsabilite yo pou travay epi bati fwaye yo; se pa tankou pa paran fi a ak paran pa gason an, men yon nouvo, pwòp, lè n'ap rann kont de reyalite li yo epi satisfè bezwen emosyonèl li yo.

## Kite a... pote kwasans ak ... benediksyon

Lè Pawòl Bondye a di kite, nou dwe konprann ke se pou byen nou. Menm Bondye ki kreye lòm nan, aprè pwoklame ke tout bagay te trè bon, li te etabli maryaj la epi ba li yon gwo misyon: administre tout bagay ki te kreye yo. Men, tout bagay te kòmanse avèk kite.

Nan tout Bib la nou wè sa, yon fason ak yon lòt. Nan Jenèz 12: 1 Bondye rele Abraram, li di l 'konsa: "Seyè a di Abram konsa. Pati, kite peyi ou la. Kite tout fanmi ou. Kite kay papa ou, ale nan peyi m'a moutre ou la". "Yon lòt fason, li te ba li lòd pou "kite tout bagay". Abraram te fè sa, epi lwen paran l 'yo epi atravè anpil sikonsans diferan ke li te viv yo, li te grandi epi atravè li menm, tout fanmi sou tè a te beni (Jenèz 22:18).


Kòmandman pou konjwen yo se pou byen yo, menm si li sanble etranj. Anpil nan yo se maryaj ki aprè anpil ane nan relasyon matrimonial la yo kapab ateste ke obeyi lòd "kite" a te pèmèt yo grandi tankou moun, nan relasyon matrimonial yo, nan depandans yo sou Bondye epi yo te kapab resevwa epi yo te vin sèvi kòm kanal benediksyon.

## Konklizyon

Se pou nou sonje ke nan nouvo relasyon nouvo koup sa ant yon gason ak yon fanm nan, Bondye ap manifeste nan mond lan paske maryaj se imaj Bondye. Se konsa, li pral trè enpòtan pou ke moun ki marye yo kite paran yo ak tout depandans pou ke Bondye kapab gide yo epi yo kapab divèti yo nan relasyon yo a. Menm jan chak moun te inik epi san parèy, chak maryaj gen tout possiblite pou yo inik ak san parèy, yo dwe vin imaj Bondye atravè egzèsis lagras ak padon, mizèrikòd ak lanmou ki dirab.

# Enstriksyon yo

Aprè ou fin wè lesyon sa. Eske ou wè genyen yon bagay ki chanje nan fason ke w te konn konsidere manda Bondye a ki se "kite manman ak papa" ak tout lòt relasyon yo? Eksplike tanpri souple.



En plis en egal ak en



Lesson 5

## Leson 5

### En plis en egal ak en



- Dekouvri siyifikasyon manda: "Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l' pou l' mete tèt li ansanm ak madanm li, pou tout de fè yon sèl", ak enplikasyon li yo pou lavi matrimonial nouvo koup la.



- Tou kòm nan lang orijinal yo ak an panyòl siyifikasyon inifikasiyon ak fè yon sèl la se memm bagay la: kole youn ak lòt pou pa janm gen separasyon.
- Maryaj se espas kote de èt inik ak èksèpsyonal (fanm ak gason) avèk patikilarite epi kontribye 100% yo vin fè yon sèl chè.
- Konpreyansyon biblik sou prensip inite a, retire nenpòt lide separasyon depi nan inyon gason ak fanm nan nan maryaj la se fòs pou li vin pi solid.
- Vin fè youn nan mande dedikasyon, efò, aprantisaj konstan ak angajman chak jou ki soutni toutan.

### Entwodiksyon

**S**e yon bon kantite moun nan lavi ki poze kesyon, ki kote maryaj la te koumanse? Kilès moun ki te envante li?, Èske li genyen kèk benefis pou moun ki antre ladan li yo?, pou kisa li ye? Kijan lavi ansanm nan ye? Èske li enpòtan pou jodi a? Tout sa yo, ak anpil lòt ankò, yo trè klè epi merite pou jwenn repons. Men, ki jan yo reponn yo, Ki moun ki gen repons yo Ak sa ki an plis, Ki moun ki genyen vrè repons ki pote lavi ak bonè pou gason ak fanm jodi a?

San dout, nou pa kapab evite Pawòl Bondye a lè ke nou vle reponn kesyon fondamantal tankou sa yo parèt. Repons ou yo pral ban nou prensip sa yo ke lè n' ap viv yo, y'ap mennen nou genyen yon lavi ki plen jan ke Kreyatè a te planifie li depi nan kòmansman.

Lè nou apwoche kote tèks biblik la, nan Jenèz 2:24 nou jwenn li di: "Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l' pou l' mete tèt li ansanm ak madanm li, pou tout de fè yon sèl". Se yon tèks ki byen popilè epi kle pou moun pale de maryaj. An reyalite, li se tèks ke nou dwe fè baz nou paske li make pase, prezan ak avni li: fanmi nikleyè a (pase), nouvo inite a (prezan) ak konstriksyon inite (lavni).

Nan lesion sa a nou pral wè yon prensip ki frape sa ke n'ap viv nan moman sa byen di epi nan vizaj: Inite a. Prensip sa a opoze Lespri lib, endividyalite ak egosantris. Aspè ki pa te fè pati plan orijinal la men jodi a yo preznan relasyon lamarye yo epi l'ap goumen pou elwanye konjwen yo de lavi plen ke Bondye te panse pou yo a.

"Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l' pou l' mete tèt li ansanm ak madanm li. Yo tou de va fè yon sèl kò. Konsa, yo pa de ankò, men yo fè yon sèl kò. Se poutèt sa, pesonn moun pa gen dwa separe sa Bondye mete ansanm" (Matye 19:5-6).

Ann wè kisa Bib la di sou siyifikasyon inite a. Daprè Diksyonè Ekspositif Vine, mo ebre dabaq la vle di "kranponnen, kole, melanje, attache ak". Ebyen se nan menm modèn mo ebre DABAQ la nou jwenn mo sa yo "lakòl oswa ti kole" kòm lide yo plis abstrè nan "lwayote, devosyon". Tèm nan parèt yon ti kras plis pase 60 fwa nan Ansyen Testaman nan langaj Ebre a, kòmanse ak Jenèz 2:24: "Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l' pou l' mete tèt li ansanm ak madanm li. Yo tou de va fè yon sèl kò" kote nou jwenn reflè itilizasyon fondamantal tèm nan: yon objè (oswa yon moun) suiv oswa attache ak yon lòt. Nan menm sans sa a, yo di ke men Elyaza te "rete kole" nan nepe yo lè li te frape Filisten yo (2 Samyèl 23:10). Sentiwon twal fen Jeremi an "sentre ren li", kòm yon senbòl sou fason ke Pèp Izrayèl la ta dwe konfòme yo ak Bondye (Jeremi 13:11).<sup>1</sup>

Nan Sòm 119:25 menm mo dabaq la parèt pou dekri dezolasyon nanm nan. Li literalman di "nanm mwen kole nan pousyè a", men pou fè vèsyon Reina Valera pi fasil pou konprann 1960 tradwi: "desann nan pousyè tè a", Reina Valera Kontanporen "Mwen santi mwen totalman dekouraje" ak Bib Bondye a pale jodi a "mwen menm tou prè lanmò". Bib Jibile se youn nan vèsyon yo ki kenbe literalite a epi tradwi "nanm mwen te vin atache nan pousyè a". Yo tout bay lide pou yo rete an kontak avèk, pou yo rete nan yon attachman fizik, an kontak avèk.

Itilizasyon figi dabaq kòm "lwayote" ak "afeksyon" baze sou fwotman fizik moun ki enplike yo, menm jan ak apwochman yon mari ak madanm li (Jenèz 2:24), afeksyon an ("attachman") nan Shechem pou Dinah (Jenèz 34:3) oswa lè Rit "rete" ak Nawomi (Rit 1:14). "Rantre nan" ak Bondye ki ekivalan ak "renmen li" (Detewonòm 30:20).<sup>2</sup>

Vèsè nan Jenèz ke n'ap etidye a parèt 3 fwa nan Nouvo Testaman an epi nan tout okazyon yo itilize mo kolao (κολλάω). Sa vle di "mete tèt ansanm, atache ak".<sup>3</sup> Avèk respè fanm lan pral "jwenn" nan Matye 19:5 ak Mak 10:7-8 ak Efezyen 5:31. Pa kiryozite, se menm pawòl la ke apot Pòl itilize nan plizyè okazyon. Nan 1 Korentyen 6:16 lè li di, "Eske nou pa konn sa: yon nonm ki mete kò l' ak yon fanm ki nan jennès, li fè yon sèl kò avèk li. Se sa Liv la di: yo tou de va fè yon sèl kò". Li sèvi avèk li tou nan pwochen vèsè a pou souliye yon relasyon entim avèk Bondye. Epi nan 1 Korint 7:10 Pòl fè referans ak pèseverans nan inyon an epi bay yon lòd ki soti nan Seyè a lè ke li di: "Kanta pou moun marye yo, men lòd mwen ba yo (Sa pa soti nan mwen non, men nan Seyè a menm): Lè yon fanm marye, li pa dwe kite ak mari li".

Nan lang panyòl la, vèb ini an gen siyifikasyon sa yo: "Pèmèt ke yon bagay se attache avèk yon lòt, oswa an kontak epi fè yon sèl bagay. Melanje oswa fèmen kèk bagay ansanm, rasanble yo. Mare oswa rantre nan yon sèl bagay ak yon lòt, fizikman oswa moralman. Apwoche yon bagay kote yon lòt, pou yo fòme yo ansanm oswa dakò menm bagay la oubyen rezulta. De bagay oswa plis ki te deja separe epi diferan: Yo tout vin melanje ansanm pou fè yon sèl...".<sup>4</sup>


## DISCÍPULOS EN MINISTERIO

Konsènan inite a, Diksyonè nan Akademi Reyèl Espanyòl la bay yon siyifikasyon ki fè li vin plis enteresan pou aplike li nan maryaj la. Li di: Propriete tout èt, pa vèti kote ke li pa kapab divize san li pa detwi oubyen chanje sans li".<sup>5</sup> Li pale ak nou de yon inite fò epi ki pèmanan, nou ka byen di, li pat janm gen entansyon separe, menm jan Bondye te kreye maryaj la. Nan ekspresyon "yon sèl kò" nan Jenèz 2:24 pèmet nou wè lide nan sa menm jan moun nan se yon antye, epi yo pa kapab divize an plizyè moso epi kontinye gen yon inite, Bondye panse sou li ak relasyon maryaj la. Pa gen de moun (yon gason ak yon fanm), men kounye a se youn, yon nouvo inite (maryaj).

Yon bon konprenansyon sou prensip inite a fè nenpòt lide sou separasyon ale byen lwen nou paske depi nan inite gason ak fanm nan nan maryaj la, yo pral pran yon fòs ki pap kapab kraze.

Inite Bondye a: en + en


Nan matematik Bondye a, en plis en se en. Klèman Bondye etabli ke chak èt li te kreye inik epi san parèy (Jenèz 1:27) men sa etabli maryaj datre plan Bondye a, chak konjwen pral kite fanmi orijin yo epi vin fè yon sèl (melanje) ak lòt la pou vin "yon sèl kò" (Jenèz 2:24). Jenèz 1-2 pentire tablo kreyasyon limanite a ki senpleman kòmanse avèk yo moun (Adan), li menm ke Bondye diferansye ant fanm (isha) ak gason an (ish) epi aprè sa, youn vin rantre nan lòt pou fè yon sèl, koup lamarye a".<sup>6</sup>



Grafik ki sòti nan chapit 1, Yon vizyon maryaj ki biblik, Roger L. Hahn.<sup>7</sup>

Èske sa vle di ke chak manm yo sibi chanjman nan pèsonalite yo? Non, nan okenn fason. Chak konjwen (fanm lan ak gason an) ap kontinye rete yo menm, ak pwòp karakteristik apwopriye nan sèks yo ak pèsonalite yo. Se ta yon kontradiksyon panse ke nan maryaj la, manm li yo t'ap pèdi diferans ak jan yo te kreye a. Kreyatè li a te panse ak maryaj la kòm yon antye plis pase konpleman nan pati li yo. Kote ke chak nan pati yo (fanm ak gason) kontribye 100% nan tèt kole pou konstwi yon nouvo inite 100% (maryaj la).

Nou kapab mete li nan grafik nan fason sa:



Lè nou konprann ke chak grafik oswa ilistrasyon gen limit li yo, isit la nou wè kòman de moun totalman diferan (fanm ak gason) epi santre yo nan yo menm (mwen) lè yo rantre nan maryaj la, yo vin konstwi yon relasyon ki bay (nou) ki genyen yo, ranfòse ak reyalize yo.

Lè tèks biblik la di nou ke mete tèt ansanm nan vle di atache ansanm nan, mare, lye ak anpil lide ki gen pou wè ak onètete ak fidelite, devosyon ak lanmou, ap ban nou bonjan enfòmasyon pou nou mete an pratik. Natirèlman sa mande yon chanjman nan konsantrasyon. Apot Pòl te mete l an tèm trè konplè lè li te ekri "fanm nan pa gen okenn pouvwa sou pwòp kò li, men mari a; ni mari a pa genyen okenn pouvwa sou pwòp kò li, men fanm lan"(1 Korentyen 7: 4). Avèk sa a li pi plis pase klè sou swen ak atansyon ke tout moun ta dwe genyen youn anvè lòt. Kounye a, se pa yon kesyon de mwen menm, men pito, se madanm oubyen mari mwen; kounye a, se yon kesyon de mwen menm, men se pito nou menm.

Inite Total la!!

"Li pral ini ... epi yo pral fè yon sèl kò", "... epi li ini ...pou fòme yon sèl kò "(TLA), "... epi yo de a vin fè youn"(NTV), "... epi yo de a vin tankou yon sèl moun" (BPJ), ... ... epi yo de a vin mare pou fè yon sèl"(NVE). Anpil tradiksyon diferan bay plizyè tèm diferan (chè, kò, yon sèl, moun, bagay) men yo tout pote menm lide a, ki montre inite total. Pa gen anyen tèks biblik la di nou ke se osijè de inite seksyèl sèlman.

Okontrè, li se yon inite ki afekte dimansyon tout moun. "Pratik egzèsis seksyèl andeyò maryaj yo se prèv ke moun k'ap egzekite li yo ap eseye izole yon kalite inyon, seksyèl la, nan tout lòt kalite tèt ansanm ki te kreye pou ke yo te mache nan tèt ansanm epi konsa fè yon inyon ki total la".<sup>8</sup>

Tandans natirèl la se panse avèk pwòp tèt mwen epi fè sa ki fè m santi mwen byen olye pou m konsidere sa ke Konjenen m nan gen bezwen an. Se egosantris sa ki fè anpil maryaj kraze, li rale nou soti nan nou menm epi nan favè lòt la, pou kiltive entèdepandans ak anviwònman nan fwaye a; se pou chak konjenen panse ak nesesite lòt la ak kòman pou yo satisfè yo.

Ekri yon seri (omwen 6) aspè pratik ak chak jou kote inite a ta dwe reflete?



Aprè ke premye maryaj la fin selebre, Bondye te beni yo ak di mari oswa madanm yo: "Li ba yo benediksyon, li di. Fè pitit, fè anpil anpil pitit mete sou tè a. Donte tè a. Mwen ban nou pouvwa sou pwason ki nan lanmè, sou zwazo ki nan syèl la, ak sou tout bët vivan k'ap mache sou tè a. Bondye di. Gade. Mwen ban nou tout kalite plant ki bay gress ak tout kalite pyebwa ki bay fwi ak gress pou nou manje. Men, tout bët ki sou tè a, tout zwazo ki nan syèl la, tout bët ki trennen sou vant, wi tout bët vivan, m'ap ba yo zèb vèt pou yo manje. Se konsa sa te pase. Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon nèt. Yon lannwit pase, yon maten rive. Se te sisyèm jou a" (Jenèz 1: 28-31). Ala yon si bèl mesaj pwisan ki te soti nan bouch Bondye menm ke lamarye yo te resevwa!

Li enteresan pou ke nou note ke premye kòmandman ke Bondye te bay moun ki marye yo se te fè sèks! Okontré, anpil moun jodi a ak se etonan jan li sanble ke, yo pa ka asosye Bondye avèk sèks. Yon bagay ke nou kapab konprann, pliske sèks la se youn nan anpil domèn ki koze anpil mal epi kontinye ap fè akòz de lènmi an, sa ki lakòz anpil moun rive ini yo nan maryaj la ak domaj ak blesi ki byen grav ki sèvi yo kòm obstak pou rive vin youn nan domèn seksyèl ak lòt moun. Lè ke Bondye te kreye sèks la, li te klèman revele ki jan li se yon bagay ki sakre ak li toujou mande pou ke nou sanktifye sèks nou. Kòman? Jwi li konplètman nan yon kontèks maryaj, san yo pa fè li tounen yon zidòl, santral ak inik nan relasyon matrimonyal la.

Nan sans sa a nou dwe chanje apwòch nou an radikalman, pliske sèks la se yon okazyon pou sèvi mari oswa madanm lan. Li pa gen pou wè avèk jwenn plezi men fondamantalman se pou bay youn ak lòt plezi". Anvi seksyèl la retire nou nan nou menm pou atire nou vè lòt la, pou kiltive entèdepandans ak vivans, de bon pratik kreyen".<sup>9</sup>

Dezyèm kòmandman Bondye te bay premye lamarye yo se te administre sa ki te kreye yo prensipalman. Fondamantalman nou ka di ke li te ba yo yon travay an komen. Yon eleman ki rann moun rete simante ansanm. Li pa t emkyete li pou kòman, se egzakteman sa ki t'ap fè yo vin fè youn: yon pwojè an komen.

Ki jan yo ta dwe detèmine pou yo chak (fanm lan ak gason an) epi ki baze sou pwòp kado ak kapasite yo atravè yon relasyon dyalektik angaje. Yon bagay k'ap rann yo ta reve ansanm, yo ta planifye, diskite, negosye, rive jwenn akò, evalye, yo ta fè chanjman, yo ta mal, yo ta aprann e yo ta rekòmanse. Jounen jodi a, anpil maryaj pretann bati relasyon yo san okenn travay pataje, san objektif ak rèv pou travay ansanm. Atansyon! jan nou deja wè a, timoun yo pa dwe konsidere tankou yon pwojè ke nou genyen nan maryaj la. Pwojè ki pral mennen yo fè yon sèl la se pral konstriksyon maryaj la menm. Pwòp relasyon matrimonial la. Timoun nan kapab vini oubyen non, e si yo rive yo pral yon pwojè kout tèm pou mari ak madamn nan, se poutèt sa ke lamarye yo dwe transande ane yo kote y'ap levasyon ti moun yo ap okipe tan yo.

Nou te aprann nan maryaj ke pwojè li te genyen an komen yo se (petèt enkonsyaman ak enfliyanse kontèks sa) se te leve ti moun yo e lè dènye a marye epi li te ale kite kay la, yo te divòse.

Èske w dakò ke  
genyen anpil  
moun ki rive  
nan maryaj la  
avèk domaj nan  
domèn seksyèl  
la ki anpeche yo  
satisfè sèks la  
jan ke Bondye te  
planifye l la?



Yo mal kalkile apwòch la. Yo te panse yo te anchaj pou fè ptit ak leve ptit san jwi plezi a, reyalizasyon pèsonèl ak satisfaksyon yo antan ke lamarye. Sa pi lwen ke reyalite a. Bondye te planifye yon bél lavi pou moun ki marye yo, pou yo jwi chak okazyon ke yo genyen nan lavi ansanm epi ptit yo kòm yon pati ladan li, men se pa nan tout lavi a.

Konprann responsabilite ke nou genyen pou pi devan kòm pwojè ki fè nou simante ansanm, li enpòtan paske se sa k'ap ede nou rete ap jwi chak enstan nan lavi matrimonial la san fòs kote.

Jnité a vle dí travay!

"Epi yo te marye epi yo te alèz". Anpil nan nou konnen istwa ak woman ki fini ak "final alèz" sa. Li klè ke n'ap pale de istwa ak woman ki pa gen anyen pou wè ak lavi reyèl.

Yon bagay ke nou wè nòmalman nan koup k'ap marye yo se anpil depans ak enèji epi, anpil lòt bagay ankò...! nan maryaj la ak tout bagay li pote san yo pa reflechi twòp sou lavni an. Epi avèk li nou pa fè referans ak lavni an tèm de ki jan n'ap kapab satisfè bezwen materyèl yo. Moun yo souvan bliye ke sou lotèl la oubyen plas kote maryaj yo ap selebre a se pa final la, men pito se kòmansman lavi ansanm nan. Yon lavi ki se responsabilite tou de epi ki pral mande yon gwo envestisman nan tout aspè yo chak.

Lè nou li nan Jenèz 2:24 "... epi yo pral ini yo..., epi yo pral vin yon sèl chè"n'ap li osijè de maryaj la menm. Pou ou kab vin yon sèl chè oswa yon sèl ki vle di menm jan NVE la tradwi, pa reyalize sou lotèl la aprè deklarasyon prêt la "Mwen deklare nou mari ak madam". La a, moun ki marye yo sèlman ap pran angajman pou ke yo fòme yon inyon. Nan konpreyansyon ke relasyon ki pi entim ant gason ak fanm nan kapab vin fè anpil eksperyans. Yon relasyon ki, yon lòt bò, li montre relasyon Kris la ak Legliz la (Efezyen 5: 22-32). Se poutèt sa, yo pa pale la osijè de okenn bagay materyèl yo ka jwenn men pito se nan relasyon matrimonial la. oubyen, èske se pa vre ke anpil nan nou pase anpil tan, efò e menm lajan pou anyen, men konstwi e ranfòse relasyon matrimonial nou an? Gen maryaj ki sanble ale kontrè ak modèl ke Bondye te trase a, lè ke yo te nan etap fiyansay, yo te fè tout sa ki te enposib pou ranfòse relasyon an epi pat gen anyen ki te pi wo plase pase sa, men imedyatman ke yo te fin marye, tout bagay te kòmanse vini an premye. Natirèlman, pou tout bagay yo jwenn yon "jistikasyon" ki toujou yon eskiz, depi pa gen anyen (menm timoun yo) ka vòlè priyorite ki vle di relasyon ki genyen ant mari a. Pou yo chak, lòt la dwe yon priyorite.


Devlope yon relasyon ki an sante mande yon bél efò. Poukisa nou pale de efò? Paske li se yon aksyon entansyonèl, ak devouman ak travay, ki egzije aprantisaj konstan ak angajman chak jou ki baze sou responsabilite. Piga nou abandone menm, se yon efò ki soutni sou tan. Pran avantaj sou tout sikontans, menm sa ki dezagreyab yo, menm si yo ta kapab byen grav, aprann ak grandi nan relasyon an avèk mari oswa madanm nou.

Fason ke yo ta  
mennen travay la  
ta dwe detèmine  
pou yo (la fanm  
ak gason) epi  
depann de pwòp  
don ak kapasite yo  
atravè yon relasyon  
dyalektik angaje.  
Ki jan sa kapab  
rive fèt nan  
kontèks pa w la?



# Enstriksyon yo

Aprè etid ki fin fèt la, èske w panse ke inite a se prensip fondamantal ak pètinan nan epòk sa pou lamarye yo? Ekspoze twa rezon pou pi piti epi bay plizyè agiman.



Egal, diferan ak konplemantè



Lesson 6

## Entwodiksyon

